

# Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay

Èske ou vann oswa fè travay modènizasyon kay nan Vil New York?

Sèvi ak lis verifikasyon sa a pou evite vyolasyon yo. Pou fasilité ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon lwa ak/ oswa règ ki enpòtan. Kidonk, ou kapab al gade li pou jwenn plis enfòmasyon. LEJANN ki anba a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis verifikasyon sa a.

## LEJANN

**Kòd Vil New York:** Kòd Administratif Vil New York

**RCNY:** Règ Vil New York

**§:** Seksyon

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
<b>Lisans</b>		
1	<p>Si ou fè travay oswa ofri pou fè travay modènizasyon kay sou rezidans prive ki nan Vil New York yo, ou dwe gen yon lisans <a href="#">Antreprenè Modènizasyon Kay</a> Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP, ki te Afè Konsomatè anvan).</p> <p><b>Konsèy:</b> Tout soutretan ou itilize yo dwe gen yon lisans Antreprenè Modènizasyon Kay DCWP.</p> <p><b>Kòd §20-387 Vil New York</b></p>	<input type="checkbox"/> Wi
2	<p>Fòk yo mete afich lisans ak plent konbine DCWP a kote tout kliyan yo kapab wè li oswa yo dwe montre yon konsomatè li lè li mande.</p> <p><b>6 RCNY §1-03(a)</b></p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>Konpòtman ki Entèdi</b>		
3	<p>Ou pa kapab fè zafè sou okenn non ki pa non ki sou lisans Antreprenè Modènizasyon Kay la.</p> <p><b>Kòd §20-393(8) Vil New York</b></p>	<input type="checkbox"/> Wi
4	<p>Ou pa kapab fè fo deklarasyon ni fo pwomès bay konsomatè yo lè yo ap mande oswa jwenn yon kontra modènizasyon kay.</p> <p><b>Kòd §20-393(2) Vil New York</b></p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>Kontra ak Estimasyon yo</b>		
<b>Nòt enpòtan sou Kondisyon 5-21:</b> Chak kondisyon ki manke nan kontra a se yon vyolasyon apa yo pral enpoze yon sanksyon pou li.		
5	<p>Si yon konsomatè mande ou yon estimasyon alekri, ou dwe ba li l.</p> <p><b>Kòd §20-395 Vil New York</b></p>	<input type="checkbox"/> Wi

# Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
6	<p>Antant ant ou menm ak konsomatè a pou travay modènizasyon kay la dwe fèt alekri epi konsomatè a ak antreprenè a dwe siyen li.</p> <p><b>Konsèy:</b> Ou dwe bay konsomatè a yon kopi kontra ki siyen an nan moman siyati kontra a epi anvan ou fè nenpòt travay.</p> <p><b>Konsèy:</b> Tout lòd pou fè chanjman nan kontra a dwe alekri epi antreprenè ak konsomatè a dwe siyen yo. Lòd pou fè chanjman an dwe gen ladan frè pou travay anplis, nouvo pri ki nan kontra a, ak dat lè peman an dwe fèt.</p> <p><b>Konsèy:</b> Itilize Kontra Final ak Estimasyon Modènizasyon Kay DCWP ki disponib sou <a href="http://nyc.gov/BusinessToolbox">nyc.gov/BusinessToolbox</a></p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)</b>		
7	<p>Kontra ou bay konsomatè a dwe lizib epi yo dwe ekri li nan lang Anglè ki senp.</p> <p><b>Konsèy:</b> Si ou negosye kontra a nan yon lang ki pa Anglè, ou dwe bay konsomatè a yon kopi kontra a nan lang Anglè ak lang ou te itilize pou negosye kontra a.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)</b>		
8	<p>Kontra a dwe gen bagay sa yo ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Dat kontra a</li> <li>• Non antreprenè modènizasyon kay la</li> <li>• Adrès biwo antreprenè modènizasyon kay la</li> <li>• Nimewo telefòn antreprenè modènizasyon kay la</li> <li>• Nimewo lisans DCWP antreprenè modènizasyon kay la</li> </ul>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)(1)</b>		
9	<p>Kontra a dwe gen ladan dat ou prevwa kòmanse ak fini travay la apresa epi li dwe gen ladan yon deklarasyon tout evènman ki enprevi yo ki pral chanje dat apeprè pou finisman an oswa dat finisman ou estime a.</p> <p><b>Konsèy:</b> Si ou menm ak konsomatè a te dakò pou nou di yon dat finisman definitif enpòtan anpil, nou dwe note sa nan kontra a.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)(2)</b>		
10	<p>Kontra a dwe gen ladan yon deskripsyon travay ki pou fèt la.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)(3)</b>		
11	<p>Kontra a dwe gen ladan yon deskripsyon materyèl ou pral bay yo, ki gen ladan aparèy yo, epi li dwe gen mak ak nimewo modèl materyèl yo ak nenpòt lòt enfòmasyon pèsonèl.</p> <p><b>Konsèy:</b> Kontra a dwe endike pri ou menm ak konsomatè a aksepte pou fè travay la ak achte materyèl yo.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)(3)</b>		
12	<p>Kontra a dwe enfòme konsomatè a pou di yo pa peye antreprenè oswa soutretan ki fè travay la epi li ka gen yon reklamasyon kont konsomatè a yo ka aplike kont pwopriyete a selon lwa sou obligasyon ki an vigè yo.</p>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>6 RCNY §2-221(a)(4)</b>		

# Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay

Kondisyon	Èske ou ranpli kondisyon sa a?
13 Kontra a dwe gen ladan yon avi ki al jwenn konsomatè a ki di selon sibdivizyon 4 Seksyon 71-a Lwa sou Priviléj Eta New York, lalwa egzije antreprenè a pou li depoze tout peman li resevwa anvan travay la fini epi ki di, nan plas depo sa a, antreprenè a ka afiche yon obligasyon oswa Kontra Dedomajman li genyen avèk konsomatè a ki garanti retou peman yo oswa aplikasyon peman yo nan kontra a. <b>6 RCNY §2-221(a)(5)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
14 Si konsomatè a ap peye moso pa moso travay la ap vanse, kontra a dwe gen ladan yon kalandriye peman ki gen montan li dwe peye a lè travay espesifik la fini. Kalandriye a dwe endike: <ul style="list-style-type: none"> <li>• montan chak peman</li> <li>• travay ki pral fèt apre chak peman</li> <li>• materyèl pou bay apre chak peman</li> </ul> Montan peman yo ta dwe gen yon rapò rezonab ak travay ki fèt la ak meteryèl yo bay pou chak peman. <b>6 RCNY §2-221(a)(6)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
15 Kontra a dwe endike aklè tout frè ak garanti ou deklare yo. <b>6 RCNY §2-221(a)(7)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
16 Kontra a dwe di ou dakò pou bay konsomatè a yon kopi "Sètifikasi Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay" anvan travay la kòmanse. <p><b>Konsèy:</b> Enfòmasyon sou egzanpsyón nan zafè genyen asirans dedomajman pou aksidan nan travay disponib sou sitwèb Konsèy Dedomajman pou Aksidan nan Travay Eta New York la: <a href="http://www.wcb.ny.gov/">http://www.wcb.ny.gov/</a></p> <p><b>Konsèy:</b> Si ou jwenn yon egzanpsyón nan egzijans pou asirans dedomajman pou aksidan nan travay, ou dwe bay konsomatè a yon kopi Sètifikasi Atestasyon pou Egzanpsyón ki soti nan Konsèy Dedomajman pou Aksidan nan Travay Eta New York.</p> <b>6 RCNY §2-221(a)(8)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
17 Kontra a dwe di ou pral jwenn tout pèmi pou fè travay la. <b>6 RCNY §2-221(a)(9)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
18 Kontra a dwe gen ladan li dekalarasyon sa a ansam avèk liy siyati pou konsomatè a (Achtè): <p style="text-align: center;"><b>OU MENM, KI SE ACHTÈ A, KA ANILE TRANZAKSYON SA A NENPÒT LÈ ANVAN MINUI NAN TWAZYÈM JOU OUVRAB APRE DAT TRANZAKSYON SA A. GADE FÒM AVI POU ANILASYON KI TACHE A POU JWENN YON EKSPLIKASYON SOU DWA SA A.</b></p> <p><b>Konsèy:</b> Deklarasyon sa a dwe an karaktè gra, epi gwosè karaktè a dwe gen omwen 10 pwen.</p> <b>6 RCNY §2-221(a)(10)</b>	<input type="checkbox"/> Wi



## **Consumer and Worker Protection**

# **Lis Verifikasiyon pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay**

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
19	<p>Ou dwe bay konsomatè a yon Fòm Avi pou Anilasyon apa nan moman konsomatè a ap siyen kontra a. Fòm Avi pou Anilasyon an dwe tache ak kontra a epi li dwe kapab detache fasil. Avi a dwe endike:</p> <p>DAT KONTRA A: _____</p> <p style="text-align: center;"><b>AVI POU ANILASYON</b></p> <p><b>OU KA ANILE TRANZAKSYON SA A, SAN OKENN SANKSYON OSWA OBLIGASYON, NAN ESPAS TWA (3) JOU OUVRAB APATI DAT KI ANWO A.</b></p> <p><b>SI OU ANILE LI, YO AP REMÈT NENPÒT PWOPRIYETE OU VANN, NENPÒT PEMAN OU FÈ NAN KAD KONTRA A OSWA LAVANT LAN, AK NENPÒT DOKIMAN KI NEGOSYAB OU SIYEN NAN ESPAS 10 JOU OUVRAB APRE VANDÈ A FIN RESEVWA AVI POU ANILASYON OU AN, EPI YO AP ANILE NENPÒT GARANTI KI SOTI NAN TRANZAKSYON AN.</b></p> <p><b>SI OU ANILE LI, OU DWE METE DISPONIB POU VANDÈ KI NAN REZIDANS OU AN NENPÒT PWODUI YO LIVRE BA OU NAN KAD KONTRA OSWA LAVANT SA A AN BON ETA MENM JAN LÈ OU TE RESEVWA YO A; OSWA OU KA SI OU VLE, RESPEKTE ENSTRIKSYON VANDÈ A POU LI PEYE FRÈ AK PRAN RISK POU W VOYE PWODUI YO RETOUNEN.</b></p> <p><b>SI OU METE PWODUI YO DISPONIB POU VANDÈ A EPI VANDÈ A PA VIN PRAN YO NAN ESPAS 20 JOU APRE DAT AVI POU ANILASYON OU AN, OU KA KENBE OSWA JETE PWODUI YO SAN OKENN LÒT OBLIGASYON. SI OU PA RANN PWODUI YO DISPONIB POU VANDÈ A, OSWA SI OU DAKÒ POU REMÈT VANDÈ A PWODUI YO EPI OU PA FÈ SA, DONK OU RESPONSAB POU EGZEKITE TOUT OBLIGASYON YO NAN KAD KONTRA A.</b></p> <p><b>POU ANILE TRANZAKSYON SA A, VOYE NAN KOURYE LAPÒS OSWA BAY YON KOPI AVI POU ANILASYON SA A OU SIYEN EPI METE DAT SOU LI OSWA NENPÒT LÒT AVI ALEKRI BAY _____ NAN _____.</b></p> <p><b>ANVAN MINUI _____.</b></p> <p><b>MWEN ANILE TRANZASYON SA A.</b></p> <hr/> <p>Siyati Achtè a</p> <p>Ekri Non an ak Lèt Detache</p> <p>Dat</p> <p><b>Konsèy:</b> Mo ki nan fòm lan dwe an karaktè gra, epi gwosè karaktè a dwe gen omwen 10 pwen.</p> <p><b>Konsèy:</b> Avi Anilasyon an dwe nan lang Anglè epi nan nenpòt lòt lang ou itilize pou negosye kontra a.</p> <p><b>Konsèy:</b> Telechaje yon Fòm Avi pou Anilasyon, ki nan fen Kontra Final ak Estimasyon Modènizasyon Kay DCWP a sou <a href="http://nyc.gov/BusinessToolbox">nyc.gov/BusinessToolbox</a></p>	<input type="checkbox"/> Wi

# Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
20	Ou dwe reponn nenpòt Avi pou Anilasyon ki valid epi ranbouse tout peman ki fèt nan kad kontra a nan espas 10 jou ouvrab apre ou fin resevwa Avi a.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>6 RCNY §2-221(h)(1)</b>	
21	Kontra a pa kapab di konsomatè a renonse, oswa yo entèdi li revandike nenpòt dwa, reklamasyon, defans, oswa rekou li genyen selon lalwa.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-393(13) Vil New York</b>	
Pèmi		
22	Ou dwe jwenn tout pèmi, lisans, sètifikasi okipasyon, oswa eksepsyon espesyal ki nesesè pou fè travay ki nan kontra a.  <b>Konsey:</b> Ou ka bezwen jwenn yon pèmi nan men Depatman Bilding (Department of Buildings, DOB) Vil New York pou travay plonbri, elektrik, bouche tou ak mòtye, agrandisman kay ak lòt travay modènizasyon kay.  <b>Konsèy:</b> Ale sou sitwèb DOB a pou jwenn plis enfòmasyon: <a href="http://www.nyc.gov/buildings">www.nyc.gov/buildings</a>	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>6 RCNY §2-223(a)</b>	
Peman ak Finansman		
23	Ou pa kapab pran dispozisyon pou zafè finansman ni ede yon konsomatè jwenn finansman pou travay modènizasyon kay la.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-393(4) Vil New York, Kòd §20-393(17) Vil New York</b>	
24	Pandan ou ap fè travay la, ou pa kapab itilize peman konsomatè a pou peye frè ki pa gen rapò dirèkteman ak modènizasyon kay la.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>6 RCNY §2-223(c)</b>	
Egzekisyon Travay la		
25	Ou pa kapab fè okenn nan travay ki nan kontra a ni fè okenn chanjman nan pwopriyete konsomatè a apre fen peryòd anilasyon twa (3) jou a epi konsomatè a pa egzèse dwa anilasyon an.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-394.1; 6 RCNY §2-223(d) Vil New York</b>	
26	Ou pa kapab fè travay ki pa nan kontra a, ni ki diferan ak travay yo dekri nan kontra a san konsantman alekri konsomatè a.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-393(1) Vil New York</b>	
27	Ou dwe konfòme ou avèk tout lwa sou konstriksyon, lwa sanitè, lwa sou ensandi, ak lwa sou lasante nan Vil New York.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-393(6) Vil New York</b>	
28	Ou pa kapab mande konsomatè a pou li siyen yon sètifikasi finisman anvan ou fini travay la toutbon.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-393(12) Vil New York</b>	
29	Ou dwe montre ou maton ak konpetan lè ou ap fè travay la, epi ou dwe fè travay ki nan kontra a.	<input type="checkbox"/> Wi
	<b>Kòd §20-393(11) Vil New York</b>	

# Lis Verifikasyon pou Enspeksyon: Antreprenè Modènizasyon Kay

Kondisyon		Èske ou ranpli kondisyon sa a?
<b>Piblisite</b>		
<b>30</b>	Piblisite a dwe gen ladan nimewo lisans antreprenè modènizasyon kay DCWP a. <b>6 RCNY §2-222(a)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>31</b>	Piblisite yo pa kapab di pwodui oswa sèvis ou yo pral bay avantaj ki pa chita sou verite moun konnen oswa verite ou kapab pwouve.  <b>Egzanp:</b> Ou pa kapab fè piblisite pou di fenèt ou vann oswa enstale yo pral diminye bòdwo kouran yo nan yon sèten pou santaj si deklarasyon sa a pa chita sou verite ou kapab pwouve. <b>6 RCNY §2-222(r)</b>	<input type="checkbox"/> Wi
<b>Dosye</b>		
<b>32</b>	Ou dwe konsève kopi tout kontra ou genyen avèk konsomatè yo, ak tout lòt dokiman ki gen pou wè ak biznis ou an, pandan sis (6) lane.  <b>Konsèy:</b> Ou dwe kenbe kontra ki gen garanti ki plis pase sis (6) lane yo pandan tout dire garanti a. <b>6 RCNY §2-223(b)</b>	<input type="checkbox"/> Wi

Pou jwenn plis enfòmasyon: **Ale sou** [nyc.gov/BusinessToolbox](http://nyc.gov/BusinessToolbox) | **Rele 311** (212) NEW-YORK (An deyò Vil New York)

*Yo ba ou dokiman sa a pou rezon enfòmasyon sèlman, li pa konplè, epi li pa bay konsèy jiridik. Biznis Vil New York yo dwe konfòme yo avèk tout lwa ak règleman federal, Eta, ak Minisipal ki an vigè yo. Biznis yo responsab pou konnen ak konfòme yo avèk règleman aktyèl ki afekte biznis yo a.*